

Queens Coordinated Care Partners (QCCP), LLC

Non Health Home

Depi ou siyen fòm sa a, ou dakò pou antre nan QCCP, LLC Health Home. Pou antre nan yon Health Home, pwofesyonèl swen sante yo ak lòt moun ki patisipe nan swen sante ou bezwen kapab pale youn ak lòt konsènan swen sante ou, epitou youn dwe divilge enfòmasyon sou sante ou bay lòt pou yo ka ba ou pi bon swen sante a. Pandan ou nan yon Health Home sa ap ede asire ou w ap jwenn swen sante ou bezwen an, w ap toujou kapab jwenn swen sante ak asirans sante menmsi ou pa siyen fòm sa a oswa menmsi ou pa vle antre nan Health Home.

Health Home ka jwenn enfòmasyon sou sante ou ansanm ak dosye sante ou, nan klinik patnè ki endike nan fen fòm sa a epi/oswa nan klinik lòt pwofesyonèl swen sante pa mwayen yon sistèm enfòmasyon ki anba kontwòl EMR, HIT, CM, Medical, Provider Record, Healthix Regional Health Information Organization (RHIO, Òganizasyon Rejyonal Enfòmasyon sou Sante) ak/oswa yon sistèm enfòmasyon ki rele PSYCKES ki anba kontwòl New York State Office of Mental Health (Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk) ak/oswa yon sistèm enfòmasyon ki rele TABS/CHOICES. Yon RHIO itilize yon sistèm enfòmasyon pou rasanble ak konsève enfòmasyon sou sante ou, tankou dosye medikal, nan klinik doktè ou ak pwofesyonèl swen sante ou ki fè pati RHIO. RHIO kapab divilge enfòmasyon sou sante ou sèlman bay moun ou di ki kapab wè oswa jwenn enfòmasyon sou sante ou. PSYCKES se yon sistèm enfòmasyon ki la pou pran epi konsève trètman sou sante ou nan klinik doktè ou yo ak pwofesyonèl swen sante ou yo ki fè pati pwogram Medicaid. TAB/CHOICES se yon sistèm enfòmasyon ki anba kontwòl Biwo Eta Nouyòk ki pou Moun ki gen Reta nan Devlopman yo; li rasanble epi konsève enfòmasyon sou reta devlopman yo.

Si ou dakò epi si ou siyen fòm sa a, Health Home ak patnè ki endike nan fòm sa a ap gen pèmisyon pou jwenn, wè, li epi fè kopi, epi divilge youn bay lòt, TOUT enfòmasyon sou sante ou (tankou tout enfòmasyon sou sante ou Health Home jwenn nan RHIO ak/oswa nan PSYCKES ak/oswa nan TABS/CHOICES) yo bezwen pou ba ou swen sante, pou kontwòl swen sante ou oswa pou etidye swen sante ou pou fè swen sante a vin pi bon pou pasyan yo. Enfòmasyon sou sante yo ka jwenn, wè, li, kopye epi divilge kapab se anvan ak apre dat ou siyen fòm sa a. Dosye sante ou ka gen enfòmasyon ladan sou maladi oswa chòk ou te pran oswa ou te ka pran anvan; rezilta tès, tankou radyografi oswa tès san; ak medikaman w ap pran kounye a oswa ou te pran anvan. Dosye sante ou ka gen enfòmasyon tou sou:

1. Pwogram pou moun ki itilize alkòl oswa dwòg ou ladan kounye oswa ou te ladan anvan kòm yon pasyan;
2. Sèvis planin famiyal tankou metòd pou pa ansent ak avòtman;
3. Maladi jenetik;
4. VIH/SIDA;
5. Pwoblèm sante mantal;
6. Dyagnostik pou reta nan devlopman ak sèvis; ak/oswa
7. Maladi moun pran nan fè bagay (maladi ou kapab pran nan fè bagay).

Enfòmasyon sou sante ou se enfòmasyon ki prive, epi nou pa kapab bay lòt moun enfòmasyon sa yo san pèmisyon ou dapre lwa ak règ Eta Nouyòk ak Etazini. Patnè ki kapab jwenn ak wè enfòmasyon sou sante ou fèt pou respekte tout lwa sa yo. Yo pa kapab bay lòt moun enfòmasyon ou yo sof si ou dakò oswa si lwa a endike yo kapab bay lòt moun enfòmasyon yo. Sa vrè si enfòmasyon sou sante nan yon sistèm enfòmasyon oswa sou papye. Kèk lwa konsène swen pou VIH/SIDA, dosye sante mantal, ak itilizasyon dwòg ak alkòl. Patnè ki itilize enfòmasyon sou sante ou ak Health Home fèt pou respekte lwa ak règ sa yo.

Tanpri li tout enfòmasyon ki nan fòm sa a anvan ou siyen li.

Mwen DAKÒ pou mwen antre nan QCCP, LLC Health Home epi mwen dakò pou Health Home kapab jwenn TOUT enfòmasyon sou sante mwen nan men patnè ki endike nan fen fòm sa a ak nan men lòt moun nan EMR, HIT, CM, Medical, Provider Record, Healthix RHIO ak/oswa nan PSYCKES pou ban mwen swen sante oswa pou kontwòl swen sante mwen, pou tcheke si mwen nan yon plan sante ak sa li garanti, epitou pou etidye swen sante tout pasyan yo pou fè li vin pi bon. Mwen DAKÒ tou pou Health Home ak patnè ki endike nan fen fòm sa a ka divilge enfòmasyon sou sante mwen youn ba lòt. Mwen rekonèt Fòm Konsantman sa a ranplase lòt Fòm Konsantman pou Divilge Enfòmasyon Pasyan Health Home mwen te ka siyen anvan pou divilge enfòmasyon sou sante mwen. Mwen kapab chanje lide epi anile konsantman mwen nenpòt kilè depi mwen siyen yon Fòm Anilasyon Konsantman (DOH-5058) epitou depi mwen bay li nan youn nan patnè Health Home.

Ekri Non Pasyan an avèk Lèt Detache

Dat Pasyan Fèt

Siyati Pasyan an oswa Reprizantan legal Pasyan an

Dat

Ekri Non Reprizantan Legal
(si gen youn)

Sa Reprizantan Legal la ye pou Pasyan
(Si gen youn)

1. Kijan patnè yo pral itilize enfòmasyon mwen yo?

Si ou dakò, patnè yo pral itilize enfòmasyon sou sante ou pou:

- Ba ou swen sante epi pou kontwole swen sante ou;
- Tcheke si ou gen asirans sante epi kisa asirans sante a ap peye; epi
- Etidye epi fè swen sante a vin pi bon pou pasyan yo.

Chwa ou fè a PA kite konpayi asirans swen sante yo wè enfòmasyon ou yo pou deside si pou yo baw asirans sante oswa pou peye bòdwo ou yo. Ou kapab fè chwa a nan yon fòm apa konpayi asirans yo dwe itilize.

2. Ki kote enfòmasyon sou sante mwen sòti?

Enfòmasyon sou sante ou sòti kèk kote ak nan men moun ki te ba ou swen sante oswa asirans sante lontan. Kote oswa moun sa yo ka gen ladan lopital, doktè, famasi, laboratwa, pwofesyonèl sou reta nan devlopman, plan sante (konpayi asirans), pwogram Medicaid, ak lòt gwoup ki divilge enfòmasyon sou sante ou. Ou kapab jwenn yon lis tout kote ak moun yo depi ou rele oswa pale avèk jesyonè swen sante ou. 1 (855) 246-4422

3. Ki lwa ak règ ki konsène fason yo kapab divilge enfòmasyon sou sante mwen?

Lwa ak règleman sa yo gen ladan Seksyon 33.13 Lwa New York sou Sante Mantal, Atik 27-F Lwa New York sou Sante Piblik, ak règ sekrè enfòmasyon, tankou 42 CFR Pati 2 ak 45 CFR Pati 160 ak 164 (ki se règ ki gen pou wè ak "HIPAA").

4. Si mwen dakò, kimoun ki kapab jwenn ak wè enfòmasyon mwen yo?

Sèl moun ki kapab wè enfòmasyon sou sante ou se moun ou dakò ki kapab jwenn ak wè enfòmasyon yo, tankou doktè ak lòt moun ki travay pou yon patnè Health Home epi ki patisipe nan swen sante ou; pwofesyonèl swen sante k ap travay pou yon patnè Health Home ki ba ou swen sante; ak moun ki travay pou yon patnè Health Home ki ba ou swen sante pou ede yo tcheke asirans sante ou oswa pou etidye swen sante a ak fè li pi bon pou tout pasyan yo. Lè ou resevwa swen sante nan men yon moun ki pa doktè oswa pwofesyonèl swen sante regilye ou, tankou yon nouvo famasi, yon nouvo lopital, oswa lòt pwofesyonèl swen sante, yo ka bay yo oswa yo ka wè kèk enfòmasyon, tankou sa plan sante ou peye oswa non founisè Health Home ou.

5. Kisa pou mwen fè si yon moun itilize enfòmasyon mwen yo epi mwen pa t dakò pou kite moun nan itilize yo?

Si sa rive, ou ka:

- Rele nan Liy Èd Medicaid nan 1-800-541-2831, oswa kontakte Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, Biwo pou Dwa Sivil nan 1-800-368-1019, oswa voye yon plent alekri nan: <https://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html>

Ou kapab tou:

- Rele youn nan patnè ou te di ki kapab wè dosye ou yo,
- Rele jesyonè swen sante w la oswa health home ou a: Valentine Hernandez nan (718) 906-6251, oswa
- Rele Plan Swen Sante Kontwole w la ou si ou fè pati yon Plan Swen Sante Kontwole.

6. Konbyen tan konsantman mwen an ap dire?

Konsantman ou ap dire jouk nan jou ou anile konsantman ou, oswa si ou sòti nan pwogram Health Home, oswa si Health Home sispann travay.

7. Kisa pou mwen fè si mwen chanje lide pita epi si mwen vle anile konsantman mwen?

Ou kapab anile konsantman ou nenpòt kilè depi ou siyen yon Fòm Anilasyon Konsantman (DOH-5058) epi ou bay youn nan patnè Health Home li. Si ou dakò pou divilge enfòmasyon ou yo, tout patnè Health Home ki endike nan fen fòm sa a ap kapab jwenn enfòmasyon sou sante ou. Si ou pa vle patnè Health Home ki endike nan fòm sa a jwenn enfòmasyon sou sante ou, ou dwe anile konsantman ou nan pwogram Health Home. Ou kapab jwenn fòm sa depi ou rele nan nimewo 1 (855) 246-4401.

Jesyonè swen sante ou ap ede ou ranpli fòm sa a si ou vle. Nòt: Menmsi ou deside anile konsantman ou pita, pwofesyonèl swen sante ki deja gen enfòmasyon ou yo pa gen pou remèt ou enfòmasyon ou yo oswa yo pa gen pou retire enfòmasyon yo nan dosye ou.

8. Kijan pou mwen jwenn yon kopi fòm sa a?

Ou kapab jwenn yon kopi fòm sa a apre ou fin siyen li.

non Health Home

Fè kopi paj sa a jan li nesesè pou endike tout patnè k ap patisipe yo

	Inisyay Pasyan	Dat	Inisyay CMA	Dat
Queens Coordinated Care Partners (QCCP), LLC				
non Health Home				
Non Ajans Jesyon Ka (CMA)				
Non Oganizasyon Swen Kontwole (MCO)				
Non Founisè Swen Primè (PCP)				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				
Non Patnè k ap Patisipe				

Dat: _____

Dat: _____

Siyati Pasyan an oswa Reprezantan legal Pasyan an

Siyati Ajans pou Jesyon Ka Jesyon